

CONSUMER UNSECURED LENDING

Prè Konsomatè San Garanti



AVÈTISMAN: Eleman debaz pwodwi oswa sèvis sa a disponib sèlman an Anglè: pa egzanp, dokiman kontra yo, divilgasyon legal yo, epi kominikasyon sèvis ki gen rapò ak pwodwi oswa sèvis la pral bay epwi yo dwe egzekite (kote li ta dwe aplike a) an Anglè. PNC fè efò pou l ofri anpil sèvis sipò lang, men tanpri fòk ou konnen anjeneral pwodwi oswa sèvis la pral akonpli epi sèvi an Anglè. Tèm ak kondisyon prodwi PNC yo estandadize: byenke kondisyon yo ka varye selon reyalite aplikasyon an (sa gen ladan de karakteristik prodwi kliyan chwazi a), admisyon varyasyon yo deja detèmine pakonsekans anplwaye PNC yo pa gen oken otorite pou yo negosye tèm varyasyon an avèk oken moun.

Resous Lang PNC

Tanpri gade nan [PNC.com/Language](https://www.pnc.com/language) pou jwenn enfòmasyon anplis sou Sipò ki disponib pou Lang.

Prè Pèsonèl pa Vèsman

Yon Prè Pèsonèl pa Vèsman San Garanti a ba ou aksè ak lajan ou bezwen san w pa itilize okenn propriyete w kòm garanti.



Liy pou Kredi Pèsonèl

Yon Liy pou Kredi Pèsonèl li ofri yon opsyon prè ki fleksib san okenn egzijans garanti.



Kredi Kat

PNC gen yon kat pou chak bezwen diferan: Kach de rekonpans, To Ba ak lòt Rekonpans ankò.



Karakteristik Prensipal yo

Prè Pèsonèl pa Vèsman

Si w aplike epwi yo aprouve w pou yon prè konsomatè pa vèsman san garanti nan PNC:

- Ou pral resevwa yon montan prè ki fiks. Montan prè sa a varye ant \$1,000 ak \$35,000.
- Ou pral oblije remèt montan prè a, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen, sou yon peryòd tan ki fikse. Ou ka peye montan prè a alavans nenpòt ki lè san penalite, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen.
- To enterè sou prè sa a pral fiks, sa vle di li pap chanje chak mwa.¹
- Ou pral resevwa yon rapò chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont sa a. Ou ta dwe li chak rapò sa yo avèk anpil atansyon. Li pral gen ladan l montan ou dwe peye mwa sa a, montan total prè a, epwi montan total ou te peye jiskaprezan, ansanm ak lòt enfòmasyon ak divilgasyon enpòtan sou kont sa a.
- Ou ka fè peman nan plizyè fason a PNC, tankou retrè otomatik nan yon kont depo ak PNC, avèk èd Sèvis Bankè Sou Entènèt PNC a, nan telefòn, nan yon ofis lokal PNC, oubyen pa kourye/lapòs.
- Si w pa peye chak mwa nan dat presize yo ba ou a, bank la ka chaje w yon frè de reta. Si yo rejte/retounen peman w lan paske w pa gen ase lajan nan kont ou, yo ka fè w peye yon frè pou rejte/retou peman an. Frè ki aplikab yo divilge nan Divilgasyon ak Nòt Prè pa Vèsman Dirèk la ansanm ak divilgasyon ki asosye l yo.
- PNC ka rapòte aktivite peyman w yo bay ajans biwo de kredi yo.
- Wap kapab itilize montan prè a jan w vle pou nenpòt rezon legal, sof ke w pa kapab itilize lajan prè a pou peye pou depans pou edikasyon apre lekòl segondè oubyen pou refinanse dèt prè etidyan yo. Pou opsyon sou prè etidyan ak refinansman, vizite pnconcampus.com.

¹ Yon to fiks pa chanje pandan dire prè a, men sepandan, si w te genyen yon peyman otomatik, epwi w retire li, li posib ke to a vin ogmante.

Liy de Kredi Pèsonèl

Si w aplike epwi yo aprouve w pou yon kont liy kredi san garanti pou konsomè nan PNC:

- Ou pral resevwa yon liy kredi kote ou ka tire ladan l jiska limit kredi ou aprouve pou li a. Montan ki posib la ka varye ant \$1,000 ak \$25,000, eksepte nan eta Kalifòni kote montan maksimòm lan se \$5,000. PNC ka ajiste montan ou ka retire a oubyen fèmen liy kredi a nenpòt lè dapre plizyè faktè oubyen li ka fèmen liy lan sou demann ou.
- Ou pral kapab tire sou liy sa a pandan peryòd tiraj ou a. Tiraj yo posib lè w ekri yon chèk ki vini avèk liy de kredi a, lè w transfere lajan pa mwayen Sèvis Bankè PNC a Sou Entènèt, oubyen lè w rele Sant Sèvis PNC a. Ou ka tire nan liy kredi a tout kantite fwa ou vle jiskaske w rive nan montan tiraj maksimòm nan. On fwa ou fin fè peman sou kont ou a pou ou pa nan montan maksimòm tiraj la a ankò, aprèsa ou ka retire sou li ankò jiska montan tiraj maksimòm nan rive.
- Ou pral oblije/genyen pou w remèt/peye montan ou retire a, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen, sou yon peryòd tan ki fikse. Ou ka peye montan an nenpòt ki lè san penalite, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen.
- To pousantaj anyèl (APR) ki aplikab pou kont la se yon to varyab ki baze sou “to preferansyèl” The Wall Street Journal. Sa vle di nenpòt ogmantasyon oubyen diminisyon nan to preferansyèl la, sa pral lakòz yon ogmantasyon oubyen diminisyon nan APR varyab la sou kont la tou.
- Ou pral kapab itilize montan ou tire a jan ou vle pou nenpòt rezon legal.
- Ou pral resevwa yon rapò chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont sa a. Ou ta dwe li chak rapò sa yo avèk anpil atansyon. Li pral gen ladan balans rapò/deklarasyon a, peman minimòm ou dwe peye, dat oplita ou dwe peye peman minimòm lan, ak fason ou ka peye, ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan ak divilgasyon sou kont la.
- Ou ka fè peman nan plizyè fason a PNC, tankou retrè otomatik nan yon kont depo ak PNC, avèk èd Sèvis Bankè Sou Entènèt PNC a, nan telefòn, nan yon ofis lokal PNC, oubyen pa kourye/lapòs.
- **Ou dwe peye peman minimòm lan oplita nan dat delè a epwi anvan nenpòt lè limit pou evite frè de reta. Enterè yo kòmanse akimile nan jou chak tiraj yo afiche sou kont ou. Pa gen okenn peryòd tan kote pandan peryòd kredi a akòde a ke ou pa peye enterè.** Ou dwe egzamine akò kont la ak anpil atansyon pou w aprann kijan PNC kalkile enterè sou nenpòt balans ou pote sou kont sa a.
- Si w panse gen yon erè nan rapò/deklarasyon masyèl la, ou gen dwa ak responsablite pou w konteste erè sa a. Gade nan akò kont la a ak deklarasyon masyèl la pou plis detay sou fason ou ka egzèse dwa w genyen pou konteste.
- Si w pa fè peman ou regilyèman nan dat limit la, yo ka fè w peye yon frè de reta. Si yo rejte/retounen peman w lan paske w pa gen ase lajan nan kont ou, yo ka fè w peye yon frè pou retou peman. Frè ki aplikab yo divilge nan akò kont la ak nan divilgasyon ouvèti kont lan.
- PNC ka rapòte aktivite peyman w yo bay ajans biwo de kredi yo.

Kredi Kat

Si w aplike epi yo aprouve w pou yon kont kat de kredi konsomatè nan PNC:

- Ou pral kapab sèvi ak kont la pou fè acha epwi pran kach sou kredi kat sa a epwi ranbouse montan ou prete yo—plis nenpòt enterè ak frè ki fèt—ofiramezi.
- Kont ou a ap gen yon limit kredi sou li, ki se montan kredi maksimòm PNC etabli pou ou a. Nan kad limit total kredi w la, gen yon limit kach apa ke ka pran sou li. PNC ka ajiste limit kredi w avèk le tan dapre dives/plizyè faktè oubyen sou demann ou.
- Ou pral resewva yon rapò chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont sa a. **Ou ta dwe li chak rapò/deklarasyon sa yo ak anpil atansyon.** Li pral gen ladan enfòmasyon sou tranzaksyon yo, balans deklarasyon an, peman minimòm ou dwe, dat oplita ou dwe peye omwen peman minimòm lan, ak fason ou ka peye. Li pral gen ladan tou lòt enfòmasyon enpòtan sou kont la.
- **Ou dwe peye peman minimòm lan oplita nan dat delè a epwi anvan nenpòt lè limit pou evite frè de reta.**
- Dat delè sou yon kont lan se omwen 21 jou apre kloti chak sik bòdwo/rapò yo. Yo pa chaje okenn enterè sou nouvo acha ki parèt sou rapò/deklarasyon aktyèl la si ou te peye tout balans nèt “Nouvo Balans” ki parèt sou rapò/deklarasyon anvan an epwi yo te resewva peman an oplita nan dat limit sa. Nou kòmanse chaje enterè si w pran kach dirèk ak transfè balans nan dat tranzaksyon an.
- To pousantaj anyèl (APR) ki aplikab sou kont sa a se to varyab ki baze sou “to preferansyèl” The Wall Street Journal. Sa vle di nenpòt ogmantasyon oubyen diminyon nan to preferansyèl la pral lakòz yon ogmantasyon oubyen diminyon korespondan nan APR varyab yo sou kont la tou. APR acha ak transfè balans yo afekte sou kont la baze sou kapasite w pou jwenn kredi. Ou ta dwe egzamine akò kont la ak anpil atansyon pou w aprann kijan PNC kalkile enterè sou nenpòt balans ou pote sou kont sa a.
- Gade nan akò kont oubyen rapò/deklarasyon ou yo oubyen kontakte nimewo sèvis kliyan ki sou kat kredi w lan oswa sou rapò/deklarasyon w la pou plis detay sou sa w dwe fè si w jwenn yon erè nan rapò/deklarasyon la. Kontakte nou imedyatman si w jwenn frè/tranzaksyon ki pa otorize sou kont la oubyen si w kwè kat kredi w lan pèdi oubyen yo vòlè l.
- PNC ka enpoze frè penalite si w pa respekte kondisyon ki nan kont la, sa gen ladan yon frè pou reta si yon peman pa fèt nan dat limit la e avan nenpòt lè limit la, oubyen yon frè pou rejte peman si yo retounen yon peman an.
- Frè ki aplike sou kont la divilge ba w nan moman ke w te dakò pou aplike pou kat la. Ou ta dwe egzamine enfòmasyon sa yo ak anpil atansyon. Nou ka raple w frè yo tou pou kèk tip de tranzaksyon aprè w louvri kont la. Si w gen yon kesyon sou APR yo oubyen frè ki aplike sou kont sa a, rele nimewo sèvis kliyan ki sou kat de kredi a oubyen nan nimero ki sou rapò/deklarasyon an.
- Detanzantan, nou ka fè yon òf promosyonèl pou ou. Lè nou fè sa, n ap fè w konnen kondisyon ki nan promosyon an, sa gen ladan nenpòt to oubyen frè promosyonèl la, peryòd promosyonèl la, ak to ki pral aplike apre peryòd promosyonèl la fini.
- PNC ka rapòte aktivite peyman w yo bay ajans biwo de kredi yo.

Kat Kredi oubyen Kredi Kat pou Konsomatè – Karakteristik Rekonpans

Selon tip kont ou a, ou ka benefisye rekonpans sou acha tou.² Rekonpans yo ka nan fòm “pwen” ki ka reklame pou lòt machandiz oswa sèvis ak/oswa pou yon kredi nan kont ou. Kondisyon yo nan chak program rekonpans yo diferan epwi yo dekri nan tèm ak kondisyon pwogram rekonpans yo la lè sa aplikab. Ou ka jwenn enfòmasyon tou sou pwogram rekonpans yo sou pnc.com oubyen nan men yon reprezantan sèvis kliyan PNC oubyen nan men youn nan ofis local nou yo nan sant dapèl nou an.

² Tèm “acha” pa vle di chak tranzaksyon ou fè ak kat kredi ou. Gen kèk tranzaksyon limite ki eskli, tankou tranzaksyon pou w pran kach dirèk (ki gen ladan acha prodwi ekivalan ak kach) epwi transfè balans yo.

Prè Pèsonèl pa Vèsman yo ak Liy Kredi Pèsonèl yo depann de aprobasyon kredi. Gen kèk restriksyon ak kondisyon ki ka aplike.

Kat Kredi PNC yo depann de aprobasyon kredi w.

PNC ak PNC Bank se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.

©2024 The PNC Financial Services Group, Inc. Tout dwa rezève.